

A satellite image of a hurricane over the state of Florida. The hurricane is a large, swirling cloud system with a distinct eye, moving from the southeast towards the state. The land of Florida is visible in green, and the surrounding ocean is dark blue. A red curved line starts from the top left and points down to a circular logo at the bottom left.

DEPATMAN SÈVIS FINANSYE FLORID



DEDIKTIB OURAGAN FLORID

Florid se yon eta inik ki antoure pa lanmè sou twa bo epi ki gen plis risk ouragan. Se poutèt sa, eta Florid la gen yon dediktib pou ouragan ki inik anpil. Pou asire li aplike menm jan pou tout reklamasyon tanpèt van ki kouvri fèt akòz yon ouragan, lalwa a vreman espesifik konsènan lè yon dediktib pou yon ouragan aplikab, pandan ki dire tan epi konbyen dediktib ki ka aplike nan yon ane, sòti janvyè rive desanm.



Definisyon

Ouragan : Yon sistèm tanpèt ak move tan ki deklare kòm « ouragan » selon Sant nasyonal ouragan.

Kouvèti pou ouragan : Kouvèti asirans pou domaj ki fèt akòz yon tanpèt van pandan yon ouragan. Sa pa gen ladan l kouvèti pou inondasyon.

Dediktib pou yon ouragan : Pousantaj endividi a pral peye anvan yon konpayi asirans kòmanse kouvri depans yo. Dediktib pou ouragan yo tipikman 2,5 oswa 10 pousan montan asirans k ap kouvri kay la nan moman domaj la sibi a. Nan eta Florid la, ou gen dwa ak yon sèl dediktib ouragan pandan ane sivil la, depi w kouvri ak sèvis menm konpayi asirans oswa gwoup konpayi asirans pou dezyèm ouragan oswa lòt ouragan anplis ki rive pandan yon ane sivil.



Kilè dediktib ouragan an aplike ?

Dediktib ouragan an aplike :

1. Pou kòmanse lè Sant nasyonal ouragan dekrete yon vèy oswa yon avètisman ouragan nan nenpòt pati eta Florid la. Fòk gen yon ouragan ki pote yon non nan moman premye vèy oswa avètisman ouragan an sòti a ; sinon, dediktib ouragan an kòmanse osito tanpèt la vin tounen yon ouragan ki pòte yon non.
2. Jiska 72 èdtan apre vèy oswa avètisman ouragan an leve pa Sant nasyonal ouragan nan nenpòt pati eta Florid la.

Egzanp : Ouragan Irma

Li te vin yon ouragan : 31 out 2017

Premye vèy oswa avètisman ouragan an te fèt pou Florid :

7 septanm 2017, 10h00 EDT

Dènye vèy oswa avètisman ouragan an te leve sou Florid :

11 septanm 2017, 8h00 EDT

Dediktib ouragan an te kòmanse : 7 septanm 2017, 10h00 EDT

Dediktib ouragan an te leve : 14 septanm 2017, 8h00 EDT

(72 èdtan apre dènye vèy oswa avètisman ouragan an te leve).

Apre ouragan Irma te touche tè epi l te kòmanse vwayaje nan direksyon nò atravè eta Florid la, li te pèdi klasifikasyon ouragan an epi l te tounen yon tanpèt twopikal epi evansyèlman yon depresyon twopikal. Pèt klasifikasyon sa yo pa t gen okenn efè sou dediktib siklòn nan paske ouragan Irma te yon ouragan ki te gen yon non lè Sant nasyonal ouragan an te dekrete premye vèy oswa avètisman ouragan an. Anplis sa, dediktib siklòn nan kontinye jiska 72 èdtan apre dènye vèy oswa avètisman siklòn nan leve, kelkeswa klasifikasyon tanpèt la genyen nan moman sa a.



Kòman dediktib ouragan pou ane sivil la aplike ?


Dediktib ouragan an aplike pou tout reklamasyon tanpèt van ki kouvri yo epi ki fèt pandan yon ouragan. Dediktib ouragan an aplike sou baz yon ane sivil depi w kouvri pa menm konpayi asirans lan oswa yon konpayi asirans ki nan menm gwoup la pou tout ouragan ki vin apre l yo.

Sa vle di si w kouvri ak menm konpayi asirans lan oswa yon konpayi asirans ki nan menm gwoup la lè domaj fèt akòz yon tanpèt van pandan dezyèm ouragan an ki frape pandan yon sèl ane sivil, dediktib pou dezyèm ouragan an pral **konsidere kòm montan ki pi gwo nan de opsyon sa yo :**

1. Montan ki rete nan dediktib premye ouragan an, si dediktib la pa t rive peye an totalite oswa
2. Dediktib « tout danje » kòm sa ekri nan politik la.

Si w te fin peye tout montan dediktib ouragan an avèk premye reklamasyon tanpèt van ki kouvri a, dediktib « tout danje a » owa dediktib nòmal la ta aplike pou lòt reklamasyon tanpèt van ki fèt akòz yon ouragan ki frape pandan menm ane sivil la.





Sepandan, si moun ki posede politik asirans lan sibi yon domaj pwopriyete akòz yon tanpèt van pandan premye ouragan an nan ane sivil la, epi apre sa li chanje politik la nan yon lòt konpayi asirans ki **pa** fè pati gwoup konpayi asirans original la, dediktib ouragan an dwe peye net pou dezyèm reklamasyon an san okenn kredi pou dediktib premye ouragan an ki te fèt pandan menm ane sivil la.

Moun ki gen asirans ta dwe **toujou** depoze reklamasyon yo lè kou pou repare domaj tanpèt van an mwens pase dediktib ouragan an. Si w depoze reklamasyon an, konpayi a gen yon rejis de montan kredi ki dwe aplike vè dediktib ouragan pou dezyèm oswa lòt reklamasyon tanpèt van anplis ki fèt akòz yon ouragan. Anplis sa, li vreman komen pou w antreprenè a dekouvri yon domaj ki kache depi l kòmanse fè reparasyon yo. Si w deja depoze demann inisyal la, yon lòt reklamasyon adisyonèl gen dwa ajoute fasilman nan montan total la. Li gen dwa koze yon reta adisyonèl epi menm yon refi reklamasyon an si domaj tanpèt van orijinal yo pa t rive jwenn konpayi asirans lan san pèdi twòp tan.





Egzanp

Moun ki gen plan asirans lan posede \$200,000 nan kouvèti asirans pou lakay li a avèk yon dediktib ouragan de 2 pousan (\$4,000). Dediktib « tout danje a » se \$1,000. Moun ki gen plan asirans lan te depoze reklamasyon tanpèt van swivan yo ki te fèt akòz ouragan pandan ane sivil sa a epi l pa chanje konpayi asirans :

Ouragan 1 : Ouragan 1 te koze yon domaj tanpèt van de \$2,000. Paske dediktib la se \$4,000, moun ki gen plan asirans lan dwe peye pou tout reparasyon yo nan pòch li ; konpayi asirans lan te anrejistre reklamasyon \$2,000 la nan dediktib ouragan pou ane sivil la. Akòzde sa, konpayi asirans lan ajoute yon montan \$2,000 nan dediktib ouragan pou ane sivil la. Sa kite yon montan dediktib ouragan an de \$2,000, ki pral aplike pou yon dezyèm reklamasyon tanpèt van ki fèt akòz yon ouragan ki fèt pandan menm ane sivil la. Montan dediktib \$2,000 **pi gwo pase** dediktib « tout danje a » ki se \$1,000.

Ouragan 2 : Ouragan 2 te koze yon domaj tanpèt van de \$5,000. Montan dediktib ouragan an pou Ouragan 1 se \$2,000. Paske montan ki rete nan dediktib ouragan an, sètadi \$2,000, **pi gwo pase** dediktib « tout danje » a ki se \$1,000, yo pral retire montan \$2,000 la nan montan domaj ki te koze pa Ouragan 2. Apre montan \$2,000 aplike a, dediktib ouragan pou tout ane sivil la fin reponn. Konpayi asirans lan pral peye rès montan reparasyon an de \$3,000 pou Ouragan 2 epi tout reklamasyon tanpèt van ki vin apre yo ki fèt akòz siklòn ki frape pandan menm ane sivil la pral gen yon dediktib « tout danje » \$1,000 ki aplike pou chak reklamasyon.





For more information on Florida's Hurricane Deductible, visit www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers/ConsumerProtections

